



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

*Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen yo, dòz rapèl yo, tès ak tretman an*

*Yo te rapòte 16 lanmò nan tout eta a yè*

*Ospitalizasyon nan tout Eta a pou COVID-19 nan 1,953 — Premye fwa yo anba 2,000 depi 1 me*

*REMAKE: Mizajou nan fichye done kimilatif sou lanmò yo te fon kanpe apati 6 jen 2022 pandan CDC ap mete sistèm li an ajou. Yo prevwa reprann rapò yo nan 21 jen 2022. Nenpòt kesyon sou sa ta dwe ale jwenn CDC. Pandan moman sa, kantite lanmò total ak nouvo lanmò chak jou yo ke yo rapòte atravè HERDS pral kontinye kòm dabitid.*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Pandan n ap kontinye siveye kantite yo, li enpòtan pou nou pran tout prekosyon nesesè pou nou rete an sante", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Fè yon tès anvan ou vwayaje, rete lakay ou si ou santi ou pa byen, epi rete ajou avèk vaksinasyon yo ak dòz rapèl yo. Nou dwe itilize chak resous ki disponib pou rete prepare pou vag potansyèl ane sa epi kenbe kominote nou yo an sekirite".

Nòt Enpòtan: Koleksyon done HERDS ki soti nan etablisman swen sante yo aktyèlman pa obligatwa nan wikenn yo. Sondaj la ap rekòmanse jodi a epi done etablisman/lanmò yo pral parèt nan rapò demen an. Kantite ki gen yon asteriks anba yo te rapòte nan vandredi 10 jen.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun - 19.29**

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 28.14
- **Rezulta Tès yo te Rapòte yo** - 61,054
- **Total Pozitif** - 3,770
- **Pousantaj Pozitif** - 5.60%\*\*
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 5.49%\*\*
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 1,953 (-56)\*
- **Pasan ki Fèk Entène** - 300\*
- **Pasan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 204 (-6)\*
- **Pasan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon** - 68 (-4)\*
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 311,031 (+323)\*
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 16\*
- **Total ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 56,306\*

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

**Nòt Enpòtan:** Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezulta negatif. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezulta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Kantite lanmò total CDC rapòte ak konpile** - 71,670

Done pwovizwa sou sètifikasi lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre** - 39,129,623
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo** - 7,587
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo** - 126,018
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen** - 92.7%

- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 84.1%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 95.0%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 87.6%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 83.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 73.8%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 82.3%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 74.6%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 90.8%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 77.6%**

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

<b>REJYON</b>	<b>Vandredi 10 jen 2022</b>	<b>Samdi 11 jen 2022</b>	<b>Dimanch 12 jen 2022</b>
Capital Region	19.83	18.67	17.75
Central New York	10.89	10.92	10.89
Finger Lakes	10.79	10.76	10.20
Long Island	34.31	32.80	33.12
Mid-Hudson	27.29	26.30	25.65
Mohawk Valley	12.51	11.60	11.24
New York City	39.96	38.00	38.12
North Country	16.37	15.51	15.48
Southern Tier	14.31	13.34	12.66
Western New York	12.41	12.07	11.79
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>29.60</b>	<b>28.26</b>	<b>28.14</b>

Pousantaj rezulta tès pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa\*\*:

<b>Rejyon</b>	<b>Vandredi 10 jen 2022</b>	<b>Samdi 11 jen 2022</b>	<b>Dimanch 12 jen 2022</b>
Capital Region	6.98%	7.05%	7.08%
Central New York	4.05%	4.18%	4.23%
Finger Lakes	5.14%	5.16%	5.03%

Long Island	7.75%	7.64%	7.53%
Mid-Hudson	5.41%	5.46%	5.36%
Mohawk Valley	4.33%	4.39%	4.46%
New York City	5.08%	5.13%	5.13%
North Country	5.12%	5.21%	5.34%
Southern Tier	4.70%	4.55%	4.48%
Western New York	6.92%	6.72%	6.86%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>5.48%</b>	<b>5.51%</b>	<b>5.49%</b>

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezulta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòt pandan twa dènye jou yo repati konsa \*\*:

Minisipalite nan NYC	Vandredi 10 jen 2022	Samdi 11 jen 2022	Dimanche 12 jen 2022
Bronx	3.63%	3.74%	3.88%
Kings	4.47%	4.50%	4.41%
New York	6.05%	6.09%	6.06%
Queens	5.77%	5.81%	5.91%
Richmond	5.53%	5.73%	5.55%

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 3,770 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin se 5,482,033. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	66,767	25
Allegany	9,546	2
Broome	50,703	11
Cattaraugus	16,728	8
Cayuga	17,729	4
Chautauqua	25,677	7
Chemung	23,272	3
Chenango	10,209	4
Clinton	18,930	13
Columbia	11,367	5
Cortland	11,619	6

Delaware	8,671	2
Dutchess	70,134	44
Erie	235,899	69
Essex	6,453	7
Franklin	10,402	2
Fulton	13,940	2
Genesee	14,811	4
Greene	9,407	2
Hamilton	939	-
Herkimer	15,249	4
Jefferson	22,281	8
Lewis	6,576	4
Livingston	12,676	4
Madison	14,672	6
Monroe	168,851	44
Montgomery	12,952	8
Nassau	447,351	381
Niagara	52,935	17
NYC	2,516,992	2,281
Oneida	60,070	13
Onondaga	124,484	39
Ontario	22,266	10
Orange	115,626	62
Orleans	9,380	2
Oswego	29,481	5
Otsego	11,224	2
Putnam	26,081	20
Rensselaer	35,619	17
Rockland	99,615	43
Saratoga	52,442	21
Schenectady	37,303	18
Schoharie	5,534	1
Schuyler	3,853	1
Seneca	6,553	2
St. Lawrence	23,050	8
Steuben	21,982	10
Suffolk	465,218	299
Sullivan	20,150	5
Tioga	12,102	5
Tompkins	22,324	3

Ulster	35,472	23
Warren	15,613	15
Washington	13,492	5
Wayne	18,985	6
Westchester	277,616	157
Wyoming	8,952	-
Yates	3,808	1

Anba a se done yo te rapòte vandredi 10 jen ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) yo admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	136	71	52.2%	65	47.8%
Central New York	59	34	57.6%	25	42.4%
Finger Lakes	235	59	25.1%	176	74.9%
Long Island	347	154	44.4%	193	55.6%
Mid-Hudson	192	88	45.8%	104	54.2%
Mohawk Valley	28	12	42.9%	16	57.1%
New York City	736	300	40.8%	436	59.2%
North Country	38	20	52.6%	18	47.4%
Southern Tier	63	28	44.4%	35	55.6%
Western New York	119	44	37.0%	75	63.0%
Nan tout Eta a	1,953	810	41.5%	1,143	58.5%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: ([Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#)).

Nan vandredi 10 jen, te gen 16 nouveau ka lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 56,306. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Columbia	2
Erie	1
Kings	4
New York	1
Queens	2
Rensselaer	2
Richmond	1
Suffolk	1
Ulster	1
Westchester	1

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri pou Nouyòkè yo ki elijib ki gen 5 ane ak plis, pou vaksinasyon san randevou nan tout sits yo sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan pou moun ki gen 12 zan ak plis. Enfòmasyon sou ki sit ki egzije randevou pou timoun ki nan gwoup laj 5-11 ane disponib sou [sit entènèt nou an](#). Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman sante lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouveau enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yè, 1,048 Nouyòkè resevwa premye dòz vaksen yo epi 1,000 pran tout seri vaksen yo a. Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen selon rejon yo prezante konsa:

Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a				
	Moun ki pran omwen yon dòz vaksen		Moun ki pran tout seri vaksen yo	
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo
Capital Region	972,126	12	892,742	25
Central New York	651,756	19	604,881	21
Finger Lakes	873,449	40	812,538	50
Long Island	2,214,116	160	1,977,453	163
Mid-Hudson	1,731,290	112	1,526,317	111
Mohawk Valley	328,236	9	306,312	6
New York City	8,150,261	604	7,234,571	511
North Country	308,366	3	279,745	10
Southern Tier	447,774	36	409,806	46
Western New York	965,266	53	890,660	57
Nan tout Eta a	16,642,640	1,048	14,935,025	1,000

Dòz rapèl/vaksen adisyonèl			
Rejyon	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan ki sot pase yo	Ogmantasyon pandan dènye 7 jou yo
Capital Region	564,271	298	6,602
Central New York	379,343	183	3,142

Finger Lakes	589,852	309	7,098
Long Island	1,349,455	955	16,119
Mid-Hudson	1,054,812	716	14,204
Mohawk Valley	196,872	92	2,107
New York City	3,473,578	2,378	29,708
North Country	178,361	56	1,814
Southern Tier	267,086	157	3,306
Western New York	628,445	334	7,565
Nan tout Eta a	8,682,075	5,478	91,665

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la.

Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodbò a toulejou pou chif yo reflete kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a. Done ki soti nan NYSIIS ak CIR ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la rapòte gen ti diferans ak done ki rapòte sou plan federal la, sa ki gen ladan I dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

###